

MEMORANDÒM

POU: Komite Lekòl la

DE: **Dacia Campbell**
Asistant Sipèentandant

CC: Sipèentandant Brenda Cassellius
Chèf Ekip Mary Dillman
Konseye Prensipal Megan Costello

DAT: **7 Septanm 2021**

RE: **Nouvo Kòd Kondwit Modifye pou 2021**

Mizajou sou politik Kòd Kondwit (*Code of Conduct*) (COC) sa a refleto efò Lekòl Piblik Boston (BPS) pou devlope, sipòte ak amelyore kominote skolè nou pou tout elèv yo. Politik sa a te pase plizyè iterasyon ki enkli fidbak aksyonè entènèl kou ekstènèl. BPS rekonèt yon mantalite kwasans nesèsè pou nou reyisi nan re-imagjine apwòch nou nan kreye espas ekitab, sekirite, anti-rasis, ak kolaboratif pou elèv nou yo rezoud konfli, aprann, epi grandi andedan kominote lekòl nou yo. Politik sa a konfòme ak Plan Stratejik BPS la, priyorite nou te deklare yo, ak angajman nou ak elèv ak fanmi yo konsa nou pral idantifye epi elimine diswopòsyonalite nan aplikasyon COC a.

COC a estriktire kòm yon dokiman pwogresif ki dekri entèvansyon ak soutyen enkremanal pou adrese konpòtman elèv yo, kòmanse ak efò pou prevansyon, tranzisyon nan altènatif a sispansyon, epi fini ak retrèt kòm yon dènye opsyon. Yon gwo anfas nan nouvo vèsyon COC sa a se adopsyon zewo sispansyon pou ane K-2, restriksyon strik pou sispansyon elèv nan ane 3-5 epi li bay plis fren ak kontrepwa pou pwosedi pou retrèt dijans.

Yon lòt gwo chanjman se ke COC a bay yon imaj klè, ki fasil pou itilize de kad Sistèm Soutyen Milti-Etaj (*Multi-Tiered Systems of Support*) (MTSS) la. Kad la sipòte 3 nivo swen yo: pwomosyon, prevansyon, entèvansyon epi li bay strateji spesifik pou Lidè Lekòl yo ak anplwaye lekòl yo pou yo ajiste pratik yo pou rezoud dezòd ak konfli avèk bi kenbe elèv yo andedan sal klas la epi angaje nan aprantisaj yo.

Memo sa a bay chanjman remakab ki te fèt nan vèsyon COC Fevriye 2016 la. COC modifye a sèvi kòm direktiv pou elèv yo, fanmi yo, lidè lekòl yo, anplwaye lekòl yo ak tout Kominote Lekòl Piblik Boston antye a sou responsabilite pataje nou a sipòte kwasans ak devlopman elèv yo nan yon fason ekitab.

Chanjman Remakab:

- Nou te mete Kòd la ajou pou refleto bi ak angajman plan stratejik BPS yo epi nou te re-fe langaj

la nan tout Kòd la.

- Nou te re-nonnen Kòd Kondwit la
- Nou te chanje fòm a pou fasilite lektè yo (eg. Dokiman chèchab, ak lyen a dokiman asosye, langaj klarifye, elatriye)
 - Nou te devlope yon vèsyon pi presi avèk enfòmasyon sou politik nou epi nou te retire direktiv pwosedis (nou te mete sa nan Sikilè Sipèntendant la, Pwosedi pou Aplikasyon Kòd Kondwit la, # SUP-05)
 - Nou te retire langaj defisi
 - Genyen mwens tèm legal ladan li
- Adopsyon Akò Rezolisyon Sèvis Lekòl pou Gran Zòn Boston 2017 la
 - Okèn sispansyon pou ane K0-2
 - Restriksyon sou sispansyon pou ane 3-5
 - Timoun nan te atake yon kolèg nan klas li oswa yon manm pèsònèl edikatif la,
 - Timoun nan te posede yon zam danjere oswa sibstans kontwole;
 - Move kondwit sèksyèl;
 - Vyolasyon dwa sivil; oswa
 - Pèsikisyon repete
- Retrèt Dijans: Fòk nou anrejistre aksyon sa a nan sistèm enfòmasyon elèv la pi vit ki posib.
 - ★ Nou te bay plis pwotèj pou elèv BPS yo atravè modifikasyon Politik nou pou Retrèt Dijans. Anba nouvo Kòd sa a, retrèt Dijans pa kapab depase youn (1) jounen skolè apre jou retrèt dijans lan, yon chanjman de 2 jou.
- Nou te ajoute nouvo Kòd pou: Move Kondwit Akademik;** ak Ankouraje yon batay fizik nan fe sèn oswa enstige batay la ak/oswa distribye oswa poste yon videyo batay la si aksyon an genyen yon gwo efè negatif sou byennèt jeneral lekòl la.
- Nou te elimine vyolasyon kòd double yo
- Nou te restriktire seksyon yo sou Bati Kominote Lekòl ki Sekirite, Sipòtif, ak Ekitab epi aliye nan Kad MTSS nou te adopte a pou sipòte ansèyman sal klas Nivo 1.
- Nou te ajoute yon nouvo seksyon sou Entèpretasyon ak Tradiksyon Dwa, ak Aplikasyon Kòd Kondwit la.